

Sangkan PSK Babalik Pikir

Ku Agus Suherman

Holisoh teh keur ngorana elodan. Geus kolotna oge masih keneh jalingkak. Ti kudrat eta mah. Sahanteuna dina karya-karyana.

Ditilik sacara semantis, judul novel “Kembang-kembang Petingan” miboga tafsir atawa harti anu nuduhkeun kana hal-hal anu hade, positif. *Kembang*, nyaeta bagian tatangkalan anu biasana sok jadi buah atawa pibuaheun, rereana rupana alus tur matak lucu, sarta angseuna seungit, nepi ka aya ungkara *kembang buruan*, nyaeta budak anu keur sumedeng lucu, nu geus resep ulin di buruan, oge aya ungkara *yuni kembang*, nyaeta pikaresepeun sarerea.

Kecap *kembang* oge miboga harti anu identik atawa sok dipapandeukeun ka wanita. Bisa jadi pedah wanita rereana resep kana kembang, atawa bisa oge pedah wanita teh endah, lucu, tur seungit. Upama anu dijadikeun sisindekelan teh anggapan anu kadua, tangtu eta anggapan teh datangna ti lalaki, sarta mangrupa pangaruh tina budaya patriarki anu diterahkeun sacara kultural. Lebah dieu katiten, salian ti kembang teh endah, lucu, jeung seungit, oge mangrupa seuseupeun kumbang. Antukna eta pibuaheun teh memang bisa jadi buah, atawa bisa oge burung.

Kangaranan kembang, upama geus dipetik laju disimpen dina pot bari dicaian, hiji waktu tangtu baris layu, mun geus kitu biasana sok dipiceun. Anapon wanita jaman kiwari, tangtuna oge miboga sikep jeung karep pikeun ngarobah eta kabiasaan, yen sakali kembang dipetik tur ngajadi layu, salilana kudu keukeuh dikeukeuweuk. Teu meunang jeung dipahing pisan metik kembang sejen.

Kecap *petingan*, miboga harti atawa nuduhkeun kana hal-hal anu beunang milih atawa pinilih. Kangaranan meunang milih, tangtuna oge anu hade wungkul, sarta tangtu oge geus nelehkeun atawa meruhkeun anu sejenna. Dina harti aya aspek kompetitif.

Frasa *kembang petingan*, nu dijadikeun judul ieu novel, miboga harti atawa nuduhkeun ma'na kana kumpulan wanita-wanita anu miboga kapunjulan, di antarana pameunteu sareng salirana henteu jajar pasar (tapi hanjakal profesi sapopoena salaku PSK; padamel seks komersial). Ku ningali profesi tokoh carita wanita dina ieu novel salaku PSK, atuh judul “Kembang-kembang Petingan (KKP)” teh asa ngalanglaung teuing. Da ku pangrasa ari KKP mah pantesna teh dilarapkeun, upamana ka mojang-mojang pasantren anu lian ti geulis pameunteuna, oge geulis ka hate-hatena. Sedengkeun keur wanita sarupa kitu mah sanajan geulis oge, asa leuwih keuna mun disebut *kembang jalan*, nu hartina kurang leuwih miboga profesi saperti anu dicaritakeun dina ieu novel. Tapi pan ari milih judul mah kudu metaforis sanes?

Dina tataran semiotik, nu ngabagi sistem tanda jadi tilu rupa nyaeta ikon, indeks, jeung simbol, tema jeung jujutan carita KKP leubeut pisan ku sistem indeksikal anu nyangkaruk dina penokohan jeung settingna, upamana paripolah tokoh carita anu marake erok pondok atawa papakean pungsat, dibarung ku ngaroko bari dangdananana menor, digarayam, dikaleng ka kamar, dirangsadan, saterusna dikeupeulan duit minangka buruhna kalawan tempatna di imah reuyeum-reuyeum nu pinuh ku haseup roko, ditema ku lagu dangdut nu teu eureun ngoncrang sapanjang peuting, jeung loba awak-awak nu tingrampeol joged sabada ngaleguk bir. Eta indeks-indeks teh sacara eksplisit nuduhkeun kana paripolah jeung tempat mangkalna PSK.

Tema carita ‘dunya prostitusi’ anu digarap dina ieu novel teh, sakumaha pidawuh Ajip Rosidi dina panganteurna, mangrupa tema anu geus remen dijadikeun bahan carita ti beh ditu keneh. Eta hal luyu jeung tradisi prostitusi anu geus rawun, anu boa geus sarua tunggang gunungna jeung umur sajarah peradaban manusa. Kateuilaharan atawa *penyimpangan* seksual

jeung kahirupan para aktivis seks, memang geus aya ti jaman para nabi mula, di antarana umat nabi Luth, laju aya kaum Sodom Gomoroh, tug nepi ka jaman kiwari anu praktekna leuwih canggih.

Papadaning kitu, sanajan tema carita anu diangkat dina ieu novel teh lain hal anu anyar (geus remen jeung umum), tapi ku kaparigelan Holisoh dina ngolah konflik batin tokoh-tokohna, eta tema teh karasa jadi realitas teks anu anyar. Kitu deui lebah milih kecap atawa diksina, anu umumna sajalantrahna sarta denotatif pisan, ngalantarankeun ieu novel teh miboga “tingkat keterbacaan” anu luhur, katambah deuih dipidangkeun dina alur anu ngaleunjeur sarta dina wangun realis, nepi ka najan ieu novel dibaca bari kekedengan atawa bari ngeueum dina *bathtub* oge, teu ieuh sieun leungiteun jujutan carita. Pon deui lebah raga badagna, ieu novel teh dipidangkeun kalawan ginding tur necis, jadi teu matak bareureum beungeut najan diedeng-edeng dina angkot atawa beus kota oge, malah moal matak balaham-belehem upama ieu novel dijadikeun kado ku para rumaja enggoning “mroklamasikeun” rasa cinta ka pasanganana, malih teu aya lepatna upami tea mah aya di antara para pangarang kahot anu seja mileuleuheungkeun ka mahasiswi anyar, diimplik-implikan ku kagegelan ieu novel.

Dina eta novel, rupa-rupa paripolah PSK digambarkeun kawilang lengkep, ti mimiti hudang sarena, ngarumpi samemeh mandi jeung pada baturna, cara dangdan, ngalayanan tamu, nepi ka keur naon eta duit ladang dogong teh digunakeun.

Lian ti kapunjulan dina ngagambarkeun kaayaan, dina KKP oge natrat sabab-musabab atawa kasang tukang pangna eta tokoh-tokoh carita ancrub kana dunya prostitusi. Tokoh Tita (Enok) upamana, pangna jadi PSK teh alatan dinyenyeri ku salakina nu nyeleweng sarta kawin deui ka ungluk. Tina eta sabab teh ngarundaykeun rupa-rupa musabab sejenna, di antarana Tita kudu nangkes pangabutuh kulawargana, manehna kudu ngabayuan indung-bapana, adi-adina, jeung anakna dua. Lebah dieu, faktor ekonomi leuwih dominan nu jadi alatanana. Lian ti eta, oge aya faktor psikologis anu nyangkaruk dina diri Tita, alatan keur leutik, upama manehna ngageulis (dangdan), laju kapanggih ku indungna, sok dicarekan tur disebut Si Ungluk.

Kitu deui batur Tita sejenna nu aya di imah Si Mamih, umumna pangna jadi PSK teh nyoko kana eta sabab-musabab tea, mun teu alatan dinyenyeri, nya alatan faktor ekonomi, atawa aya oge alatan hubungan badan samemeh nikah nu dilakukeun dumasar suka jeung suka, tapi saterusna ditinggalkeun ku lalakina, balukarna awewena jadi pegat harepan nepi ka nekad ancrub kana dunya prostitusi, saperti nu kaalaman ku adi salahsaurang palanggan Tita. Jadi teu kagambar saurang oge tokoh dina KKP, yen jadi PSK-na teh alatan kalangenan atawa alatan hayang ngasaan rupa-rupa lalaki.

Ngan aya nu jadi kahandeueul teh, pangarang teu ngemot alesan sejenna nu ngalantarankeun hiji wanita ancrub jadi PSK, upamana alatan dilejokeun atawa dibobodo rek dijadikeun TKW ka luar nagri (ari pek kalah dijual ka tempat palacuran). Jigana bakal karasa leuwih ngangresna nalika eta tokoh carita kudu ngalayanan tamuna, sedengkeun hatena teu mikeun da lain eta tujuananana, sasat asa digadabah. Sanajan deuih pangna Tita aya di tempat lokalisasi teh dibawa ku Bi Entat, tapi da Tita mah geus pasrah, teu asa digebuskeun, niatna oge asal bisa nyingkahan katugenah hate. Teu karasa ngangresna.

Gambaran sejenna anu kurang cop jeung kanyataan hirup sapopoe (kitu ceuk Dadan Sutisna oge), nyaeta situasi di tempat prostitusi anu kawilang tartib teuing, nepi ka teu kagambar ayana konflik antar PSK. Dina KKP estu sakabeh tokoh PSK teh guyub jeung sauyunan, padahal dina kanyataan hirup sapopoe, meh di unggal sektor kahirupan sok aya wae pacogregan teh leutik-leutik wae mah. Di dunya atikan upamana, konflik guru jeung guru remen kajadian, kitu deui dina widang kahirupan sejenna.

Lian ti eta, pangarang oge rada kabalinger, mun teu disebut gagabah oge, nalika mere persepsi ngeunaan pagawean ngungkluk ngaliwatan tokoh Tita, nyaeta basa Tita saparakanca dirazia sarta ditalek ku patugas kalawan dititah usaha anu halal, Tita kalah ngajawab, "Sok atuh bere pagawean! Asal ulah ngababu!". Tina eta guneman mere kesan yen ngungkluk teh masih leuwih mulya batan ngababu. Lebah dieu kaciri pangarang teh mere empati anu kaleuleuwih kana profesi PSK, nepi ka ajen bebeneran anu dina logika agama geus mutlak benerna, kaelehkeun tur papalingpang jeung logika pangarang. Balukarna, kaci mun Tita milih ngungkluk teh, batan jadi babu.

Leupas tina hal di luhur, nu teu eleh pentingna sarta bisa jadi faktor pangrojong utama kana dunya prostitusi teh, nyaeta ayana palanggan, nu taya lian kaum lalaki. Payu soteh dagang pedah aya nu meuli, da cacak mun taya nu jajan mah duka teuing. Tina eta hal kagambar yen dunya protistusi teh henteu ngadeg mandiri, tapi dirojong ku unsur sejenna nu ngawangun hiji sistem, kaasup budaya patriarki nu remen nempatkeun wanita minangka subordinat lalaki. Ku eta hal dunya prostitusi dianggap mangrupa hal anu wajar sarta mangrupa panglengkep kahirupan, sarta PSK dianggap miboga peran pikeun meper, ngalipur, jeung jadi muara birahi lalaki, tur sakaligus bisa ngaganti peran pamajikan nu ditinggalkeun di imah. Malah bisa jadi PSK teh kacida gede pisan jasa enggoning ngarojong gelarna rupa-rupa kawijakan anu dihasilkeun ngaliwatan kongres atawa konferensi, sakumaha anu katiten dina sajak Rendra

*Kongres dan konferensi
tak pernah berjalan tanpa kalian*

Ku penting-pentingna peran PSK dina kahirupan, nepi ka upama eta kelompok profesi ditumpes atawa maranehna mogok ngalayanan lalaki, bakal ngabalukarkeun pakewuh anu rohaka tur nimbulkeun cacad moral anu leuwih rosa, sakumaha anu diungkarakeun ku Rendra dina padalisan sajak saterusna

*Mogoklah satu bulan
dan mereka akan puyeng
lalu mereka akan berjina
dengan isteri saudaranya*

Sanajan dina sajak Rendra mah ma'na jeung maksud anu dijugjugna, nu jiga ngugung-ngugung wanita palacur teh estuning ironis jeung paradoksal (pedah teu diungkulan sacara daria), tapi eta hal nuduhkeun yen widang usaha jasa prostitusi teh dalit pisan dina pajemuhan hirup sapopoe.

Papadaning kitu, PSK oge dina enas-enasna mah sarua jeung jalma rea, masih boga kaera. Dina KKP eta hal kaungkab nalika Tita rek mulang ka lemburna, manehna ngusahakeun mapantes diri, make pakean anu matut. Lian ti eta, manehna oge mindingan kalakuan nu sabenerna ku cara ngakukeun gawe di toko.

Enya eta oge, boh Dinas Sosial boh tokoh agama remen mepelingan para PSK sangkan babalik pikir, tapi teu bari pangmikirankeun komo bari pangmateakeun sangkan maranehna jeung kulawargana teu kalaparan. Maranehna ukur bisa ngada'wahan jeung nyacampah, ari ngajait tina wadah runtah mah teu bisa hojah. Kaayaan sarupa kitu teh ku Rendra kungsi disigeung

*Menganjurkan mengganyang pelacuran
Tanpa menganjurkan
Mengawini para bekas pelacur*

Adalah omong kosong

Tina eta hal jigana batan para ustad atawa patugas Dinas Sosial ngabamblam nerangkeun yen ngungkluk teh dosa, bakal leuwih hade sarta gede mangpaatna upama aranjeunna miwarang santri-santri jeung padamelna sangkan ngarawin para ungluk tea, terus diaping rohanina sarta dibayuan sapuratina.

*Dimuat dina SKM *Galura*, Edisi/Taun.